

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Sunda nya éta salah sahiji sélér bangsa nu aya di Indonésia, anu mandiri tur miboga kabudayaan sorangan. Kiwari, suku Sunda nyicingan wewengkon Jawa Barat. Jawa Barat nya éta kota propinsi anu ngawengku kota jeung kabupatén, kota jeung kabupatén ngawengku kacamatan, kacamatan ngawengku kalurahan/désa, kalurahan/désa ngawengku kampung jeung lemburna.

Ngaran hiji kampung leuwih di pikawanoh ku masarakat, sabab hiji jalma mo leupas tina ngaran tempat padumukanana. Kamana waé inditna, jeung kamana waé lalampahanana tangtu ngaran tempat jadi identitas anu teu bisa dileupaskeun. Kiwari, ngaran tempat jadi identitas anu nyantél dina KTP, SIM, ngaran kadaharan, baju, malahan mah nepi ka padung kuburan, ngaran tempat tetep milu nyarengan. Ieu hal luyu jeung pamandegan Jacub Rais Gurubesar Emeritus ITB, nétrélakeun yén

“Nalika manusa gubrag ka alam dunya, *properti* anu munggaran dibéré ku kolotna, nya éta “ngaran diri” (*antroponim*), sabab ngaliwatan ieu ngaran, mimiti kawangun hiji paguneman anu ngaruntuy antara anak jeung kolotna. *Properti* ka dua anu satuluyna nyantél kana *antroponim* nya éta “tempat gumelar” (*toponim*)“

Jalma moal bisa leupas tina ngaran diri jeung tempat gumelar. Samodél conto anu transmigran bedol désa, ti Pulo Jawa ka Pulo Sumatra. Inditna transmigran ka tempat anyar bari jeung mawa ngaran désa asal dumukna. Kaayaan samodél kitu bisa ngaleungitkeun ngaran tempat anu geus lila aya.

Ngaran hiji tempat jadi ciri pikeun hiji jalma atawa masarakat anu dumuk di éta patempatan. Saupamana urang ngareungeu ngaran tempat, sakapeung urang

sok méré kacindekan sorangan kana kaayaan sosial éta patempatan. Padahal, urang acan ninggali éta tempat, jorojoy langsung kabayang ngeunaan hiji kajadian di éta patempatan. Disagedengeun éta, aya anu ngaganjel. Naha mémang ngaran hiji tempat téh ujug-ujug aya tidituna, atawa aya nu méré ngaran. Mun geus aya tidituna, naha loba kénéh pulo di Indonesia anu acan dibéré ngaran. Jumlahna nepi ka 17,508, pulo anu acan boga ngaran. Saupama ngaran hiji tempat geus aya ngaran tidituna, saha atuh jalaman?

Ayana ngaran hiji tempat ngaguluyur jeung dumukna jalma di éta patempatan. Munggaran ngababakan pikeun padumukan, tangtu aya hiji kajadian. Samodél conto, Kampung Batulayang anu aya di Désa Sirmasari, Kacamatan Pabuaran, Kabupaten Sukabumi. Ngaran éta tempat dumasar kana hiji kajadian, nya éta aya batu ngalayang sagedé gulungan kasur alatan urugna Tegal anu aya di tonggoheun ieu kampung. Ieu hal luyu jeung pamandegan T. Bahtiar (2007:1) nétréakeun yén.

“Ngaran géografi samodél ngaran wahangan, tegal, gunung, lebak, pulo, teluk, sagara, selat, desa/tempat, jst. Hal éta miboga tujuan pikeun méré udagan sarta pikeun lumangsungna komunikasi disabudereun masarakat. Ngaran wewengkon méré hiji cicirén kana lalampahan hirup masarakatna sarta lumangsungna sajarah di éta patempatan.”

Aya ogé ngaran hiji tempat anu dumasar kana ngaran tatangkalan, samodél Kampung Baros. Baros nya éta ngaran hiji tatangkalan. Ngaran tempat anu dumasar kana hulu cai samodél Kampung Parigi, atawa anu dimimitian ku kecap ci atawa cai ieu hal méré cicirén yén ditempat éta subur jeung teu hésé cai.

Haji Hasan Mustapa dina Ajip Rosidi (1989: 361) urang Sunda ngukuhan pisan kana babasan (cacandran), sakumaha ditétéléakeun yén:

“Ngaran tempat-tempat wahangan-wahangan néangan sabab anu gampang tina tatangkalan atawa tina kapercayaan, saperti: Ciawi, Citamiang, Cimindi, Cihampelas. Pangkuatna lamun ngaran tangkal anu aya di sirah cai tina kapercayaan, saperti: Citarum, Ciguriang sakur anu jadi patilasan pantun. Kitu deui pasir-pasir gunung-gunung, legok-legok, lalandihanana numutkeun rupa atawa patilasan dongéng-dongéng, terkadang sabab aya tangkal anu kongas, saperti Pasir Ipis, Pasir Halang, Gunung Parahu, Gunung Malabar. Réa kampung anu nelah ku tatangkalan, saperti Kelapa Dua, Selajambé, Selacau, Bojongloa, Dangdeur, Baros, Caringin, Kiara euyeuh, Kiara condong, Kiarapayung. Naék deui panglandi ku ngaran ti nu boga kana sato kumaha ngeunahna, saperti hayam adu: Si Uler, Si Éngang. Domba adu, kuda adu, sagala nu dipiara sapi munding sok dilandi nu tangtu. Terkadang bubuhan, pakarangan, situ, sawah, sok dilandi meunang anu boga”.

Kota Sukabumi salah sahiji kota di Jawa Barat anu ngawengku 7 kacamatan jeung 33 kalurahan sarta leuwih ti 200 ngaran tempat. Ngaran-ngaran tempat anu aya di Kota Sukabumi, tangtu miboga kasangtukang tug nepi ka dingaranan samodél kitu. Bisa jadi aya carita rakyat anu milu ngarojong kana ngaran éta tempat ku cara lisan sacara ngaruntuy ti generasi ka generasi.

Carita ngaran hiji tempat tangtu milik masarakatna. Saeutik masarakat anu ngawasa tur apal sacara jéntré kana carita ngaran hiji tempat. Komo dina kaayaan samodél kiwari, naha masih aya kénéh masarakat anu miboga carita pikeun ngarojong kana ngaran hiji tempat. Hal samodél kieu ngabutuhkeun panalungtikan kalapangan, sarta bakal leuwih hadé saupama didokuméntasikeun. Sangkan naon anu jadi patalékan bisa ka jawab, sarta bisa jadi sampeureun anak incu ka payuna.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dina panalungtikan ieu, masalah diwatesan dina sabudeureun sistem méré ngaran-ngaran tempat (*toponimi*) di Kota Sukabumi dumasar kana aspé hidrologis, morfogéologis, biologis jeung sosial.

Ngaran-ngaran tempat anu dimaksud, nya éta ngaran-ngaran kampung anu bakal di pedar dumasar kana aspé hidrologis, morfogéologis, biologis jeung sosial. Ti dieu ngaran tempat bakal disebut ngaran kampung.

1.2.2 Rumusan Masalah

Numutkeun Aristotéles dina Sumarsono (2004:13) nétélakeun yén:

“Unggal jalma miboga rasa kapanasaran, sarta miboga rasa kahayang leuwih sacara intelektual, anu ngajangélék dina patalékan. Jadi, patalékan téh wujud tina mikir, anu satuluyna dikedalkeun ngaliwatan patalékan. Patalekan éta anu ngalantarankeun bijilna unggal hal anu anyar.”

Dumasar kana watesan masalah diluhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalékan.

1. Kumaha sistem méré ngaran kampung di Kota Sukabumi?
2. Aspé mana anu loba mangaruhan tina hidrologis, morfogéologis, biologis, jeung sosial kana méré ngaran-ngaran kampung di Kota Sukabumi?
3. Naha aya bukti nyata atawa fakta sajarah anu patali jeung ngaran éta kampung (*toponimi*)?

1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasangtukang, rumusan katut watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan ieu miboga udagan, nya éta.

1. Mikanyaho kasangtukang méré ngaran kampung di Kota Sukabumi.
2. Mikanyaho sajarah sarta kabudayaan masarakat di Kota Sukabumi ngaliwatan kasangtukang sistem méré ngaran kampung (*toponimi*) dumasar aspék hidrologis, morfogéologis, biologis, jeung sosialna;
3. Ngelompokeun ngaran-ngaran kampung di Kota Sukabumi dumasar kana aspék hidrologis, morfogéologis, biologis, jeung sosial. Aspék mana anu panglobana mangaruhan?

1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

Unggal panalungtikan dina hakikatna mah ngabogaan tujuan. Ieu panalungtikan téh miboga tujuan, anu ngawengku.

- 1) Sacara téoritis, panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban pikeun kamajuan paélmuan budaya Sunda, dina widang kasangtukang ngaran-ngaran kampung di Kota Sukabumi dumasar aspék hidrologis, morfogéologis, biologis jeung sosial. Tangtuna waé dokuméntasi tinulis téh kalintang penting dina ngajaga dokuméntasi lisan anu bakal orot ku umur.
- 2) Sacara praktis, panalungtikan ieu dipiharep bisa méré gambaran khususna ka masarakat satempat di Kota Sukabumi, umumna ka balaréa anu maca ieu karya. Kumaha kasangtukang hiji kampung bisa dingaranan samodél kitu numutkeun masarakat satempatna.

1.4 Lokasi, Populasi jeung Sampel Panalungtikan

Lokasi anu jadi tempat panalungtikan, nya éta Kota Sukabumi anu jauhna 96 KM ka béh kidul Puseur Dayeuh Propinsi Jawa Barat.

Kota Sukabumi ngawengku 7 kacamatan, 33 kalurahan sarta leuwih ti 200 kampung. Kampung ieu anu bakal jadi tempat panalungtikan, sarta bakal dipedar kasangtukang ngaran kampung ngaliwatan sistem méré ngaran tempat dumasar kana aspek hidrologis, morfogéologis, biologis jeung sosial.

Kampung anu bakal dipedar, nya éta kampung anu heunteu ngagunakeun arah angin, (wetan, kulon, kalér jeung kidul) dianggap hiji. Salian ti éta mah, ieu ngaran kampung di Kota Sukabumi bakal dipedar hiji-hiji.

1.5 Anggapan Dasar jeung Dasar Tiori

1.5.1 Anggapan Dasar

Anggapan dasar ieu panalungtikan, nya éta ayana ngaran hiji kampung tangtu dikasangtukangan ku ayana kajadian di éta kampung jeung sagala naon anu aya di sabudereunana. Naha sacara hidrologis, morfogéologis, biologis atawa sacara sosial

1.5.2 Dasar Tiori

Ayana ngaran hiji kampung tangtu dikasangtukangan ku hal-hal anu aya disabudeureunana, naha éta mah dikasangtukangan ku hal sacara géografis, kajadian anu pernah aya di éta tempat atawa ku ngaran tutuwuhan.

Haji Hasan Mustapa dina Ajip Rosidi (1989: 361) mertélakeun adatna urang Sunda ngukuhan kana babasan (cacandran).

"Ngaran tempat-tempat wahangan-wahangan néangan sabab anu gampang tina tatangkalan atawa tina kapercayaan, saperti: Ciawi, Citamiang, Cimindi, Cihampelas. Pangkuatna lamun ngaran tangkal anu aya di sirah cai tina kapercayaan, saperti: Citarum, Ciguriang sakur anu jadi patilasan pantun. Kitu deui pasir-pasir gunung-gunung, legok-legok, lalandihanana numutkeun rupa atawa patilasan dongéng-dongéng, terkadang sabab aya tangkal anu kongas, saperti Pasir ipis, Pasir halang, Gunung Parahu, Gunung Malabar. Réa kampung anu nelah ku tatangkalan, saperti Kelapa Dua, Selajambé, Selacau, Bojongloa, Dangdeur, Baros, Caringin, Kiara euyeuh, Kiara condong, Kiara payung. Naék deui panglandi ku ngaran ti nu boga kana sato kumaha ngeunahna, saperti hayam adu: Si Uler, Si Éngang. Domba adu, kuda adu, sagala nu dipiara sapi munding sok dilandi nu tangtu. Terkadang bubuhan, pakarangan, situ, sawah, sok dilandi meunang anu boga".

Dina kasangtukang ngaran tempat anu aya di Kota Suklabumi, aya carita-carita rakyat anu sumebar sacara lisan, tangtu saeutik lobana aya fakta-fakta sajarah anu milu ngarojong kana ngaran éta tempat. Ieu hal luyu jeung pamandegan Koentjaraningrat (1990: 338) yén.

"Mitologi jeung carita-carita rakyat anu bakal milu ngarojong kana bukti-bukti sajarah tina hiji suku bangsa anu hirup tur sumebarna sacara lisan, sarta lamun saupamana hiji suku bangsa mikawanoh tulisan sacara tradisional, bisa ogé sacara tinulis ".

Dumasar tiori di luhur anu saling lengkepan, panalungtikan ieu bakal medar kasangtukang ngaran-ngaran kampung di Kota Sukabumi dumasar aspék hidrologis, morfogéologis, sarta biologis. Dipiharep hasil panalungtikan bisa medar hal-hal anu jadi kapanasaran nu nalungtik, sarta méré manpaat keur balaréa.

1.6 Wangenan Oprasional

Toponimi

Toponimi, nya éta élmu anu neuleuman ngeunaan ngaran hiji tempat, unsur rupa bumi, atawa kasangtukang ngeunaan *julukan* hiji patempatan. naha ngaran hiji tempat (kampung) dingaranan samodél kitu? Tangtu miboga sabab musababna.

Samodél anu ditétélakeun ku Jacub Rais Gurubesar Emeritus ITB, yén.

“Nalika manusa gubrag ka alam dunya, *properti* anu munggaran dibéré ku kolotna nya éta “ngaran diri” (*antroponim*), sabab ngaliwatan ieu ngaran, mimiti kawangun hiji paguneman anu ngaruntuy antara anak jeung kolotna. *Propoerti* ka dua anu satuluyna nyantél kana *antroponim* nya éta “tempat gumelar” (*toponim*)“

1.7 Métode jeung Teknik Panalungtikan

Panalungtikan ieu kabagi kana opat tahap.

1. Tatahar nya éta ngawengku nguruskeun administrasi panalungtikakn di Kota Sukabumi.
2. Survey pikeun ngadata sarta néangan jeung ngumpulkeun informasi ti masarakat, teknik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ieu nya éta teknik wawancara.
3. Tahap anu ka tilu, nya éta ngelompokeun dumasar kana aspék anu opat ku cara ngagunakeun sistem déskripsi.
4. Tahap anu panungtung nya éta saréngséna nganalisis data hasil ti lapangan, anu satuluyna didugikeun dina wangun jurnal laporan akhir.